

*Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması*

# AWlL, TOǴAY HÁM BALlQ XOJALlǴl

2019 jıldıń yanvar-mart aylarında awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı ónim (xızmet)leriniń ulıwma kólemi 688,9 mlrd.swmdı yáki 2018 jıldıń sol dáwirine salıstırǵanda 102,7 payızdı, sonnan dıyxanshılıq hám sharwashılıq ańshılıq hám bul tarawda kórsetilgen xızmetler 602,0 mlrd.swmdı (103,4 payız), toǵay xojalıǵında – 73,7 mlrd.swmdı (101,7 payız), balıqshılıq xojalıǵında -13,2 mlrd.swmdı (108,6 payız) quradı.

Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı ónim(xızmet)ler kóleminiń ósiwi tıykarınan, dıyxanshılıq hám sharwashılıq, balıq, toǵay hám bul tarawda kórsetilgen xızmetler kóleminiń sezilerli dárejede ósiwinde kóriwge boladi.

Ásirese, joqarı ósim pátleri Nókis qalasında (119,3 payız), Ámiwdarya (106,5 payız), Shomanay (105,2 payız) rayonlarında kórindi, Tórtkúl (100,2 payız) hám Kegeyli rayonlarında (100,3 payız) bolsa kerisinshe pás kórsetkish gúzetildi.

**Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı ónim (xızmet)leriniń kólemi**




Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı ónim (xızmet)leriniń ulıwma kólemde Ámiwdarya rayonınıń úlesi 14,3 payız boldı, Shımbay 13,5 payız, Beruniy hám Ellikqala rayonlarında 11,4 payız hám 11,1 payız kórsetkish penen keyingi orinlardı iyeledi. Eń kem úlesti Nókis qalası kórsetkishi bolıp 0,9 payızdı kórsetti.

# AWIL, TOĠAY HÁM BALIQ XOJALIĠI

**Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı ónim (xızmet)ler kóleminiń rayonlar kesiminde bólistiriliwi**




**<u>Awıl xojalıǵı ónimleri.</u>**

2019 jıldıń yanvar–mart aylarında islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleri kóleminiń 2018 jıldıń sol dáwirine salıstırǵanda ósimi 103,4 payızda, sonnan, dıyxanshılıq ónimleri 106,3 payızda, sharwashılıq ónimleri – 103,0 payızda boldı.

Xojalıq túrleri boyınsha analizler, awıl xojalıǵı ónimler ulıwma kóleminiń 87,2 payızı dıyxan (járdemshi) xojalıqlarına, 11,4 payızı fermer xojalıqlarına, 1,4 payızı awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keliwin kórsetpekte.

**Islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleriniń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi**



# AWÍL, TOǴAY HÁM BALÍQ XOJALÍǴÍ

## Islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleriniń xojalıq túrleri boyınsha rayonlar kesiminde bólistiriliwi





**Dıyxanshılıq:** 2019 jıldıń yanvar-mart aylarında islep shıǵarılǵan dıyxanshılıq ónimleriniń kólemi 52,8 mlrd.swmdı yaki 2018 jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda 106,3 payızda boldı. Islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleriniń ulıwma kólemde dıyxanshılıq ónimleriniń úlesi 8,8 payızdı quradı.

**Ónim jıynap alıw:** Usı jıldıń yanvar–mart aylarında 486 tonna ovosh (2 márte), 36 tonna miywe (3,3 márte) ónimleri jıynap alındı.

**2019-jıldıń yanvar-mart aylarında xojalıq túrleri boyınsha tıykarǵı túrdegi dıyxanshılıq ónimlerin islep shıǵarıw**

| | Fermer xojalıqları | | Dıyxan (járdemshi) xojalıqları | | Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | *tonna* | *Ósim páti payızda* | *tonna* | *Ósim páti payızda* | *tonna* | *Ósim páti payızda* |
| Ovosh | 4 | 133,3 | 232 | 103,1 | 250 | 19,2 m. |
| Miywe | 25 | | 11 | 100,0 | | |

# AWlL, TOĞAY HÁM BALlQ XOJALlĞl



**Sharwashılıq:** 2019 jıldıń yanvar-mart aylarında sharwashılıq ónimlerin islep shıǵarıw kólemi 544,7 mlrd swmdı yamasa 2017 jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda 103,0 payızda boldı. Islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleriniń ulıwma kólemde sharwashılıq ónimleriniń úlesi 91,2 payızdı quradı.

Barlıq túrdegi sharwashılıq ónimleriniń kóbeyiwi gósh islep shıǵarıw kóleminiń 3,3 payızǵa, sút 2,6 payızǵa, máyek 6,0 payızǵa ósiwinen kóriwge boladı.

2019 jıldıń yanvar-mart aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen tiri salmaqta 14,6 mıń tonna gósh, 47,2 mıń tonna sút, 74,9 mln dana máyek, 24877 dana qarakól teri ónimleri islep shıǵarıldı.



**Tıykarǵı túrdegi sharwashılıq ónimlerin islep shıǵarıwda xojalıq túrleriniń úlesi**




Sharwashılıq ónimlerin islep shıǵarıw kórsetkishlerin xojalıqlar túrleri boyınsha analiz qılǵanımızda, tiri salmaqta góshtiń ulıwma kóleminen 95,9 payızı dıyxan (járdemshi) xojalıqları esabına tuwrı keliwin aytıp ótiwimiz tiyis, sonnan súttiń 92,0 payızı, máyektiń 93,0 payızı, qarakól teriniń 93,3 payızda dıyxan (járdemshi) xojalıqları esabına tuwrı keledi.

**2019 jıl yanvar-mart aylarında islep shıǵarılǵan sharwashılıq ónimleri**

| | *Muǵdarı* | *Ósim páti payızda %* |
|---|---|---|
| **Gósh (tiri salmaqta),** ***mıń t.*** | **14,6** | **103,3** |
| *sonnan:* | | |
| Fermer xojalıqları | 0,5 | 109,5 |
| Dıyxan (járdemshi) xojalıqlar | 14,0 | 103,4 |
| Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 0,1 | 69,7 |
| **Sút,** ***mıń t.*** | **47,2** | **102,6** |
| *sonnan:* | | |
| Fermer xojalıqları | 3,3 | 100,5 |
| Dıyxan (járdemshı) xojalıqlar | 43,5 | 102,9 |
| Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 0,4 | 85,7 |
| **Máyek,** ***mln. dana*** | **74,9** | **106,0** |
| *sonnan:* | | |
| Fermer xojalıqları | 2,8 | 104,5 |
| Dıyxan (járdemshi) xojalıqlar | 69,7 | 103,4 |
| Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 2,4 | 3,8 m. |

## Iri shaqlı qaramallar hám quslar bas sanı

Usı jıldıń 1 aprel jaǵdayına iri shaqlı qaramallardıń ulıwma bas sanı 1092,5 mıń basqa, sonnan sıyırlar 315,5 mıń basqa, qoy hám eshkiler 1082,6 mıń basqa,atlar 23666 bas, quslar 4312,7 mıń basqa jetti.

2018 jıldıń sol dáwiri menen salıstırǵanda barlıq túrdegi xojalıqlarda iri shaqlı qaramallar bas sanı 35,4 mıń basqa (3,3 payızǵa), sonnan sıyırlar 11,7 mıń basqa (3,9 payızǵa), qoy eshkiler 39,2 mıń basqa (3,8 payızǵa), quslar 0,4 mln basqa (11,2 payızǵa) kóbeydi.

2019 jıldıń 1 aprel jaǵdayına iri shaqlı qaramallar bas sanı tuwrısındaǵı maǵlıwmatlardı xojalıq túrleri boyınsha analizleytuǵın bolsaq, iri shaqlı qaramallardıń 4,5 payızı fermer xojalıqları esabına, 94,8 payızı dıyxan (járdemshi) xojalıqlarına, 0,7 payızı awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keliwin aytıp ótiw tiyis, usıǵan sáykes, qoy hám eshkilerdiń ulıwma sanınan 9,5 payızı fermer xojalıqlarına, 89,2 payızı dıyxan (járdemshi) xojalıqlarına, 1,3 payızı awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keledi, sonnan quslardıń ulıwma sanınan 5,6 payızı fermer xojalıqlarına, 88,1 payızı dıyxan (járdemshi) xojalıqlarına, 6,3 payızı awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keledi.

### 2019 jıl 1 aprel halatına sharwa malları hám quslar bas sanı

| | *Mıń bas* | *Ósim páti payızda %* |
|---|---|---|
| **Iri shaqlı qaramal** | **1092,5** | **103,3** |
| *sonnan:* | | |
| Fermer xojalıqları | 48,7 | 108,2 |
| Dıyxan (járdemshi) xojalıqlar | 1035,3 | 103,1 |
| Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 8,5 | 103,0 |
| **sonnan sıyırlar** | **315,5** | **103,9** |
| *sonnan:* | | |
| Fermer xojalıqları | 15,4 | 105,5 |
| Dıyxan (járdemshi) xojalıqlar | 297,4 | 103,7 |
| Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 2,7 | 108,0 |
| **Qoy hám eshkiler** | **1082,6** | **103,8** |
| *sonnan:* | | |
| Fermer xojalıqları | 102,3 | 134,6 |
| Dıyxan (járdemshi) xojalıqlar | 966,1 | 102,9 |
| Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 14,2 | 50,2 |
| **Atlar** | **23,7** | **106,6** |
| *sonnan:* | | |
| Fermer xojalıqları | 4,2 | 134,4 |
| Dıyxan (járdemshi) xojalıqlar | 19,1 | 102,5 |
| Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 0,4 | 82,7 |
| **Quslar** | **4312,7** | **111,2** |
| *sonnan:* | | |
| Fermer xojalıqları | 239,9 | 102,4 |

| | *Mıń bas* | *Ósim páti payızda %* |
|---|---|---|
| Dıyxan (járdemshi) xojalıqlar | 3800,9 | 108,5 |
| Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 271,9 | 193,8 |

**Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması**
**Awıl xojalıǵı hám ekologıya statistikası bólimi**
Baspa ushın juwapker: **N. Madreymov**
(61) 222-76-07